



25 Jen, 2020

Chè fanmi ak anplwaye Renaissance yo,

Komisyonè Edikasyon an, Jeff Riley, te pibliye premye direktiv sou reouvèti lekòl nan sezon otòn lan. Nou pral sèvi ak direktiv sa a pou kontinye planifikasyon nou pou lanse kòmansman ane lekòl la pandan n ap panse avèk sante ak byennèt elèv nou yo, fanmi epi manm pèsònèl nou yo. Kòm mwen te mansyone, direktiv sa a va dwe youn nan plizyè mizajou atravè tout sezon ete a. Tout direktiv yo pral mennen pa eta a sou COVID.

Men kèlke pwen enpòtan nan direktiv la:

- Gwoup Travay sou Retounen Lekòl eta a te kolabore avèk responsab sante piblik nan Sistèm Sante Mass General Brigham ak Akademi Pedyatri Ameriken (chapit MA) epi yo kwè ke timoun yo 1) gen mwens chans pou yo enfekte avèk COVID-19, 2) gen yon ensidans fèb nan transmèt viris la, 3) mwens siseptib pou transmèt viris la bay lòt moun si yo enfekte.
- Distans fizik 3 a 6 pye apwopriye pou entèraksyon fas a fas/konfigirasyon biwo nan salklas yo.
- Elèv ki nan klas 2 - 6 ak manm pèsònèl la dwe mete yon mask figi/kouvri nan otobis yo ak nan lekòl la.
- Lekòl yo dwe asire ke elèv yo klasifye an gwoup ki aprann, tranzisyon, epi manje ansanm. Nou dwe limite tranzisyon elèv ak gwoup yo anndan lòt klas andeyò pwòp klas pa yo.
- Pratik lave men ak ijyèn ansanm ak atant yo dwe anseye epi respekte pa tout manm nan kominote a.
- Elèv yo dwe ajou nan zafè vaksen anvan ke yo kòmanse lekòl.

Sou kisa Renesans ap travay:

- Nou gen 4 komite reouvèti ki te kòmanse planifye gen yon mwa de sa. Nou te resevwa patisipasyon ak opinyon nan men anplwaye yo, fanmi yo, epi Komisyon Konsèy nou an. Komite sa yo ap travay sou diferan sijè ki gen ladan yon reouvèti fizik konplè, yon modèl de fason a distans konplè, sèvis pou Elèv ki gen Andikap ak Aprantisè Lang Anglè, ak ranvwa lekòl. Nou te kontan wè nan direktiv la ke nou an konfòmite ak rekòmandasyon Komisyonè an. Komite sa yo ap kontinye travay pandan sezon ete a. Nou espere remèt eta a plan reouvèti nou an nan mwa Out la.

- N ap prepare pou bay atelye devlopman pwofesyonèl pou anplwaye yo nan mwa Out la sou mezi sekirite pou reouvèti.
- N ap prepare pou bay enfòmasyon sou sante ak sekirite pou fanmi yo ansanm ak depistaj vizyèl lakay pou sentòm epi pratik sante ak ijyèn.

Se responsablite nou, antan ke yon kominote lekòl, pou bay yon edikasyon kalite siperyè nan mwayen ki pi si ke posib. Nou pral planifye pou relouvri tankou yon kominote aprantisaj an pèsòn ak a distans (modèl de fason) men nou konprann ke sa a pral detèmine pa sitiyasyon vil la parapò ak COVID. Nou va mete an plas tout atant ke eta a genyen. Nou pral kolabore ak lidè lokal ak eta yo nan edikasyon, sante piblik, ak ajans kominotè yo pou kreye pi bon kondisyon nou kapab pou lekòl nou an. Nou konprann ke tan sa yo ensèten epi nou vle ke tout moun santi yo konfòtab epi an sekirite.

Pou fanmi nou yo: Nou pral voye yon sondaj bay fanmi yo nan semèn kap vini yo pou endike si ou ta renmen pou pitit ou (yo) resevwa enstriksyon an pèsòn oswa a distans. **Li enpòtan pou tout fanmi yo ranpli sondaj la pou ede nou ak planifikasyon nou an.**

Ou pral resevwa mizajou nan men m pandan sezon ete a. Konsa, tanpri tcheke imèl ou. Tanpri pran swen, rete an sekirite, epi jwi sezon ete a.

Sensèman,



Alexandra Buckmire

Tèt Lekòl la

abuckmire@brcps.school

Resous:

- [Direktiv pou Reouvèti MA DESE Nan Sezon Otòn](#) (Te soti le 25 Jen, 2020)
- [Reouvèti Massachusetts 2020](#)
- [Reouvèti Vil Boston 2020](#)